

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION  
SOCIAL STUDIES—GRADE 8  
DOCUMENT-BASED QUESTION (DBQ)  
BOOKLET 2

## NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

2-3 JEN 2004

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan premye liv la; Twazyèm Pati a nan tiliv sa a.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman.

**Seksyon A nan Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan tiliv sa a.

**Seksyon B nan Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv pou ekri repons ki apa a, depi premye paj nan tiliv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn **tout** kesyon ki nan Dezyèm Liv la, epi ekri redaksyon w lan.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**

Copyright 2004

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT

ALBANY, NEW YORK 12234



**Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.**

**Lè w ap devlope reposn pou Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa yo:**

**pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”**

### **Twazyèm Pati**

#### **KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

**Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-7). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.**

#### **Kontèks Istorik:**

Fanm pa gen menm dwa sosyal, ekonomik ak politik ak gason. Lit pou dwa fanm nan se yon pati enpòtan nan istwa Etazini. Moun, gwoup, ak evennman istorik te ede fanm nan lit yo te mennen pou egalite a.

#### **Objektif Travay la:**

Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Pale **de** (2) jan istorikman fanm **pat** gen menm dwa ak gason.
- Idantife epi pale de **de** (2) moun, gwoup, **ak/oswa** evennman ki te ede fanm nan lit yo te mennen pou dwa egal la.

**VIRE PAJ LA POU ALE NAN SEKSYON A ➔**

## Seksyon A

### Kesyon ki Mande Repons Kout

*Esplikasyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

... Nou oblige preche dwa fanm, paske gen anpil moun ki, olye pou yo tande sa nou gen pou nou di sou tanperans, te kesyone dwa yon fam genyen pou li pale de nenpòt sijè. Nan tout tribunal lajistik ak nan asanble lejislatif, si yo gen pou yo kesyonen dwa yon oratè genyen pou li la, tout biznis rete tann jiskaske yo tonbe dakò sou pwen an. Koulye a, zafè fanm gen dwa nan tabourèt pou pye sa a poko fin rantre fiks nan tout mas lespri ki genyen yo, pa menm pale pou li ta gen dwa pou li kanpe sou menm pedestal ak gason, pou li gade li nan figi kòm yon egal, epi pou li repwoche peche ki fèt pandan tan pa li a ak pandan jenerasyon pa li a. Kifè, yo dwe konprann trè byen, nou se yon Sosyete dwa fanm, nou kwè yon fanm gen dwa pou li pale kèlkeswa lè li santi li gen anvi pou li fè sa; li gen dwa pou li preznan nan tout komite Legliz ak Leta. Depi yon moun wè reprezantan nou yo se fanm, sa rezoud kesyon sou karaktè nou sou pwen sa. . . .

Sous: Elizabeth Cady Stanton, Address, First Annual Meeting of the Woman's State Temperance Society,  
Rochester, New York, 1 jen, 1853

- 1 Dapre dokiman sa a, ki dwa konstitisyonèl yo te refize bay fanm? [1]


---

---

Nòt

## Dokiman 2

Sifraj pou Fanm Anvan Ratifikasyon 19yèm Amannman an, 1920



Sous: Sandra Opdycke, *The Routledge Historical Atlas of Women in America*, Routledge (adapté)

2a Ki rejon oswa seksyon nan peyi a ki te fè wout pou rekonèt dwa yon fanm genyen pou li vote? [1]


Nòt

b Ki evennman ki te bay tout fanm nan Etazini dwa pou vote? [1]

Nòt

### Dokiman 3

Plan kwonologik la montre evennman sosyal, ekonomik ak politik enpòtan nan mouvman pou dwa fanm nan.



- 3a Nan ki ane yo te prezante amannman federal pou bay sifraj nasyonal pou fanm nan pou premye fwa devan Kongrè? [1]

Nòt

- b Ki gwoup ki te fòme an 1960 pou defann dwa fanm? [1]

Nòt

## Dokiman 4

PÒTRE DEZYÈM GÈ MONDYL LA



Sous: J. Howard Miller, Rosie the Riveter's "We Can Do It,"  
War Production Co-ordinating Committee (adapte)

- 4 Kisa pòtre sa a montre sou wòl fanm nan mache travay pandan Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

---

---

Nòt

## Dokiman 5

... Si fanm te kwè vòt yo ka pote chajman rapid nan lavi yo, yo pat gen anpil rezon pou yo te aplodi. Yo te gen opòtinite pou travay poutèt enpak Dezyèm Gè Mondyal la, men pifò opòtinite sa yo te evapore nan ane apre lagè yo. Apre lagè a, yo te vle pou fanm te mete kò yo sou kote pou fè plas bay veteran ki te tounen soti nan lagè yo ki te vle reklame travay ; poutèt sa, pifò fanm te fè travay ki te limite menm jan yo te ye anvan lagè a.

An 1963, de (2) evennman te demontre konba ak fristrasyon fanm. Premyèman, Komite Prezidansyèl sou Fanm, Prezidan Kennedy te nonmen an 1961 an, te prezante yon rapò sou diskriminasyon seksyèl, ki te gen dokiman sou inegalite [tretman ki pa egal] fanm tap sibi nan anviwonnan travay, epi ki te pwouve inegalite sa yo te menm ak inegalite gwoup minoritè yo tap sibi yo. Konstatasyon Komite a te revele, pami lòt bagay, gen sèlman 7 poustan nan doktè nan peyi a epi mwens pase 4 poustan nan avoka nan peyi a ki te fanm. Malgre Komite a te rekònèt fanm marye jwe yon wòl ki pi enpòtan toujou nan ekonomi an, li te fè konnen tou wòl prensipal yon fanm se pou li te manman ak madanm epi li te rekòmande pou bay jenn fanm fòmasyon espesyal pou maryaj ak matènite. Li te fè konnen tou li gen opozisyon kont amannman pou dwa egal la, paske li te kontinye di Katòzyèm Amannman an pwoteje egalite fanm genyen ase pou yo kapab jwenn opòtinite egal. Amannman sa a te fè konnen Eta yo pa ka "pran lavi, libète, oswa pwopriyete pèsonn san moun nan pa pase pa pwosede legal yo, ni yo pa ka refize pèsonn moun ki nan jirisdiksyon yo pwoteksyon egal lalwa bay tout moun yo. . . ."

Sous: Myron A. Marty, *Daily Life in the United States, 1960–1990: Decades of Discord*, Greenwood Press, 1997

- 5a Dapre dokiman sa a, poukisa yo te ankouraje fanm kite mache travay la nan fen Dezyèm Gè Mondyal la? [1]
- 

Nòt

- b Dapre rapò Komite sou Fanm nan, kisa ki te wòl prensipal yon fanm? [1]
- 

Nòt

## Dokiman 6

### Atik VII Dekrè 1964 sou Dwa Sivil

. . . PRENSIP TRAVAY KI ILEGAL

SEC. 2000e-2 [Seksyon 703]

(a) Li dwe yon presip travay ki ilegal pou yon konpayi —

(1) pa anplwaye oswa refize anplwaye oswa ranvwaye nenpòt moun, oswa fè diskriminasyon sou nenpòt ki fòm kont nenpòt moun sou zafè konpansasyon, kantite tan, kondisyon, oswa privilej travay, poutèt ras, koulè, reliyon, sèks oswa orijin nasyonal moun nan; oswa

(2) limite, separe, oswa klasifye anplwaye li yo oswa moun ki fè aplikasyon pou travay nan nenpòt ki fason ki ta anpeche oswa ki ta gen tandans pou anpeche nenpòt moun jwenn opòtinite pou travay oswa afekte nan nenpòt ki fason defavorab pozisyon moun nan kòm anplwaye, poutèt ras, koulè, reliyon, sèks, oswa orijin nasyonal moun nan. . .

Sous: <http://www.eeoc.gov/policy/vii.html>


6 Dapre dokiman sa a, kouman Dekrè 1964 sou Dwa Sivil la te pwoteje dwa fanm? [1]

---

---

Nòt

## Dokiman 7



Sous: Biwo Resansman Etazini (adapte)

- 7 Dapre grafik la, di **yon** konklizyon yo ta ka dedwi sou chanjman nan pousantaj fanm ki te nan mache travay la ant 1900 ak 2000. [1]

---

---

Nòt

## Seksyon B

### Redaksyon

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** dokiman, nan pati ki gen developman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete enfòmasyon ou jwenn deyò anplis sou sa.

#### Kontèks Istorik:

Fanm pa gen menm dwa sosyal, ekonomik ak politik ak gason. Lit pou dwa fanm nan se yon pati enpòtan nan istwa Etazini. Moun, gwoup, ak evennman istorik te ede fanm nan lit yo te mennen pou egalite a.

#### Objektif Travay la:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan syans sosyal, pou ekri yon redaksyon kote ou pral

- Pale de **de** (2) jan istorikman fanm **pat** gen menm dwa ak gason
- Idantifye epi pale de **de** (2) moun, gwoup, **ak/oswa** evennman ki te ede fanm nan lit yo te mennen pou dwa egal la

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay* la; pou fè sa, bay yon analiz ak yon entèpretasyon egzak pou omwens **kat** dokiman
- Pran enfòmasyon nan dokiman yo pou mete nan developman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, etabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repeète *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm la kòm konklizyon

Part I Score	
Part II Score	
Part IIIA Score	
Total Part I, II, and IIIA Score	
Part IIIB Essay Score	
<b>Final Score</b> (obtained from conversion chart) scaled 1-100	